



23 me 2018

Bonjou Fanmi Elèv nan Klas Siperyè yo,

Byennèt sosyal-emosyonèl chak elèv se yon bagay ki enpòtan pou nou. Pou ede nou konprann pi byen eksperyans tout elèv CPS nan Klas Siperyè yo ap fè, **nou pral mennen yon sondaj sou Aprantisaj Sosyal Emosyonèl ak sou Anbyans nan Lekòl la pou elèv ki nan klas 6 - 8 pandan mwa jen an.**

Elèv yo pral reponn kesyon nan sondaj la anliy, pandan jounen lekòl la. Gen 2 kalite kesyon yo pral mande:

- Kesyon sou **Aprantisaj Sosyal Emosyonèl yo** pral mande chak elèv reflechi sou ki jan li aprann, ak sou sa li kwè sou pwòp konpòtman li, ak sou kisa li santi lè l ap pale sou emosyon li epi lè li an kontak avèk lòt elèv parèy li.
- Kesyon sou **Anbyans nan Lekòl la** pral mande chak elèv kouman li wè lekòl la, ak pwofesè yo, ak anviwonman aprantisaj la an jeneral. Rezon pou kesyon sa yo, se chèche konprann si elèv la santi li konnekte avèk lekòl la, si yo konprann li, ak si yo enterese nan li.

Kote k ap administre sondaj sa a, se yon patnè nou, [Edikasyon Pànoramik](#). Repons elèv yo bay pral rete anonim nèt. Elèv yo ka wè non yo parèt nan premye ekran sondaj la, men pa gen enfòmasyon ki pral retransmèt bay lekòl la sou idantite yo. Panorama pral rapòte sèlman rezilta sondaj ak enfòmasyon melanje sou diferans ki parèt nan repons ki soti nan diferan gwoup demografik yo.

Entansyon nou, se mennen yon sondaj avèk elèv yo chak ane, dapre Plan pou Distrik nou an, ki montre volonte nou pou reyalize yon aprantisaj ki serye, ki fè plezi, epi ki adapte sou kilti elèv yo, avèk asistans pèsònèl ki ede elèv yo reyisi byen nan lavni yo. Patisipasyon pitit ou a pral ede nou konprann pi byen nan ki domèn nou ka kontinye fè pwogrè pou amelyore metòd travay nou yo.

Si ou gen nenpòt kesyon sou sondaj sa a, ou mèt kontakte Jennifer Amigone, ki se Direktè pou Rechèch, Analiz, ak Evalyasyon, nan adrès jamigone@cpsd.us. **Si ou pa vle pitit ou a patisipe, tanpri fè Direktè/Moun ki anchaj Klas Siperyè yo, nan dat vandredi 8 jen pou pi ta.**

Mèsi dèske ou toujou rete patnè nou. N ap byen kontan gen nouvel oumenm ak pitit ou.

An tout senserite,

Kenneth N. Salim, Ed.D.
Direktè Jeneral Lekòl yo